



# Miami-Dade County Public Schools

*giving our students the world*

## Superintendent of Schools

Dr. Jose L. Dotres

## Miami-Dade County School Board

Mari Tere Rojas, Chair

Monica Colucci, Vice Chair

Roberto J. Alonso

Lucia Baez-Geller

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Mary Blanco

Danny Espino

Dr. Steve Gallon III

Luisa Santos

Chè Paran oswa Gadyen:

“Miami-Dade County Public Schools” (Lekòl Leta Miami-Dade County) bay sekirite ak byennèt elèv li yo priyorite. Kòm yon nivo sipò adisyonèl e ki konsistan avèk “School Board Policies 7540.03, *Student Responsible Use of Technology, Social Media, and District Network Systems, & Internet Safety*, and 7540.07, *Instructional Mobile Devices*” (Règleman 7540.03 Komisyon Konsèy Lekòl la sou, *Itilizasyon Teknoloji yon Fason Responsab pou Elèv yo, Sistèm Medya Sosyal ak Rezo Distri yo, ak Sekirite sou Entènèt*, ansanm, ak règleman 7540.07 sou, *Aparèy Edikasyonèl Pòtab*), M-DCPS te fè patenarya avèk konpayi ‘Lightspeed Systems®’ pou ede ofri yon anviwònman aprantisaj dijital ki san danje pou tout elèv, soti Jadendanfan rive 4èm ane lekòl segondè. ‘Lightspeed Alert’ se yon pwogram pou deteksyon menas ki pral kontwole aktivite elèv yo sou entènèt pou detekte siy ki gen rapò ak vyolans, entimidasyon, ki gen ladan “moun ki vle fè tèt yo mal” ak “moun ki vle fè lòt moun mal”. ‘Lightspeed Alert’ se yon lojisyèl ki konbine entèlijans atifisyèl ansanm ak revizyon moun pral fè, pou analize aktivite elèv yo sou aparèy lekòl la prete yo, lè yo sèvi avèk aplikasyon ‘Office 365’ la.

Pwogram ‘Lightspeed Alert’ la pral kolekte done sa yo an patikilye: non elèv la, non lekòl li, nivo klas li, adrès imèl, ak enfòmasyon ki lakòz alèt la. Li pap kontwole oswa kolekte okenn lòt aktivite oswa done. Se espesyalis sekirite nan konpayi a ki pral analize tout alèt yo epi, dapre seryozite enfòmasyon yo resevwa yo, y ap pataje enfòmasyon an avèk lekòl la, Distri a ak Depatman Polis Lekòl Miami-Dade la. Ap gen yon moun ki ap revize tout alèt pwogram ‘Lightspeed Alert’ yo 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn, epi 365 jou nan ane a pou tout alèt sekirite elèv yo. Nan sitiyaasyon ki poze yon danje ki grav pou elèv la oswa lekòl la, espesyalis sekirite Lightspeed yo ap swiv yon pwosesis ki baze sou entansifikasyon pou asire responsab ki konsène yo nan distri a resevwa yon notifikasyon imedyatman, kèlkeswa jou oswa lè a.

Distri lekòl la pran angajman pou l kontinye aprann epi bay tout elèv nou yo ak lòt moun ki gen enterè nan kominote a yon anviwònman ki gen sekirite. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte direktè lekòl pitit ou a, Ms. Angela Holbrook nan lekòl la.

Sensèman,  
Angela Holbrook